Date : January 21, 2014
Nimewo Pwogram Nan : 0910
Tit Pwogram Nan : Tit 1:1-7

Bonjou, byenvini nan etid biblik Atravè Labib. Nou va pou jounen an konsidere sèt premye vèsè yo nan premye chapit lèt Tit la. Tit se yon liv nan Nouvo Kontra a. Ou jwenn li nan zonn I Timote, II Timote, Tit, Filemon, Ebre.

Annou pwoche kote Senyè a nan lapriyè.

Bondye Papa, n'ap di w' mèsi pou Moun Ou ye a e pou sa Ou fè pou nou. Ou se Bondye, totalman sen, totalman dwat, totalman jis. Ke non W', Papa kapab glorifye pou toutan gen tan. N'ap glorifye non W' pou sa Ou fè pou nou e Ou fè tout bagay. Ou fè sa nou konnen; sa nou pa konnen, Ou fè sa k' te pase, sa k'ap fèt kounyea, e sa ki va gen pou fèt denmen. Ou sove nou, Ou rekonsilye nou ak Ou, Ou se Bondye nou. Mèsi, Bondye Papa e ke volonte W' kapab fèt nan lavi nou pou toutan gen tan. Se nan non Bondye Pitit la, Pawòl etènèl ki te tounen moun nan nou priye W', amèn.

Ou nan etid biblik Atravè Labib. Pasaj nou se Tit 1:1-7.

TIT CHAPIT 1ER

TEM: Legliz la se yon òganizasyon

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

ENTWODIKSYON

Entwodiksyon lèt Tit la konparab ak entwodiksyon lòt epit pastoral yo men l' pa sanble ak entwodiksyon lòt epit apot Pòl yo.

Tit 1:1 *Mwen menm, Pòl, mwen se sèvitè Bondye, yon apòt Jezikri. Se Bondye menm ki voye m' pou m' ede moun li chwazi yo rive gen konfyans nan li, pou m' fè yo konnen verite a jan n'ap viv li nan sèvis Bondye.*

Pòl di: "*Mwen menm, Pòl, mwen se sèvitè Bondye*." Mo sèvitè a isit la vle di "esklav ou ankò esklav volontè." Kidonk l'ap di li se yon esklav volontè papa Bondye. Nan Ansyen Testaman an nou te wè yon esklav volontè se yon esklav ki te chwazi rete sèvi mèt li jouk li mouri.

Li di tou mwen se yon : " *yon apòt Jezikri."* Pòl ap defann apostola l'. Rezon kifè l' konfime aposta l' la isit la se paske l' pral bay enstriksyon sou òganizasyon legliz lokal la donk li byen rasire l' yo konprann li gen otorite fè sa. Enstriksyon sa yo soti anba plim yon apot, yon sekretè chwazi Senyè Jezi k'ap kominike kounyea avèk legliz li pa mwayen apot yo. Epit Tit la se yon mwayen Senyè Jezi itilize pou kominike ak nou.

" *Se Bondye menm ki voye m' pou m' ede moun li chwazi yo rive gen konfyans nan li."* Sa ki enpòtan an zanmi se "*konfyans nan Bondye*". Sove ou pa sove depann de kote konfyans ou ye. Di m' sa w' panse sou Jezikri; di m' sa w' kwè sou lanmò L' sou kwa a e sa lanmò sa a reprezante pou ou; di m' sa w' kwè sou rezireksyon L' lan e sa rezireksyon sa a vle di pou ou; di m' eske w' kwè Labib se Pawòl enfayib Bondye. Avèk enfòmasyon sa yo m' panse m' ka devine si ou se yon pitit Bondye ou pa. Bondye te voye Pòl anseye gran verite sa yo " *pou ede moun li chwazi yo rive gen konfyans nan li."*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

"Moun li chwazi yo." Sa konsa Pòl deziye moun sove yo. Li pa menm pran tan diskite doktrin eleksyon an.

"… *Pou m' fè yo konnen verite a jan n'ap viv li nan sèvis Bondye."* Ki vle di zanmi, si verite w'ap swiv la pa mennen nan yon lavi ki fè Bondye plezi, se di ke lafwa w' la deja pa kòrèk depi nan rasin.

Pòl va baze sou tèm sa a pou di lè yon moun vrèman asepte levanjil sa toujou mennen nan yon lavi kifè Bondye plezi paske moun yo sou zile Krèt la t'ap abize lagras Bondye. Yo t'ap di si se pa lagras yo sove enben yo gen dwa viv nan peche jan yo vle. Men Pòl adrese kesyon sa a tout swit nan premye vèsè lèt la pou di lè yon moun vrèman kwè nan levanjil Kris la sa va toujou mennen nan yon kalite lavi ki fè Bondye plezi. Ou pa ka sèvi doktrin lagras la kòm yon eskiz pou peche. Si w' panse w' ka fin sove pa lagras epi pou w'ap kontinye viv nan peche, alò penmèt mwen di sa ak tout jantiyès men m' oblije di sa konsa kanmenm, sa vle di ou pa t' janm sove pa lagras pou kòmanse, ou tou senpleman pa t' janm sove. Sali pa lagras mennen nan yon lavi ki fè Bondye plezi.

Tit 1:2 *pou yo ka gen espwa resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa janm manti, li te pwòmèt lavi sa a depi lontan anvan li te kreye tout bagay.*

" *Pou yo ka gen espwa resevwa lavi ki p'ap janm fini an."* Lide a isit la se "repoze" ou "apiye" sou espwa lavi ki p'ap janm fini an. Nan liv Tit la n'ap wè Pòl pale sou lagras nan touletwa tan yo ki gen nan konjigezon an. Pa egzanp nou li nan Tit 2:11: "*Bondye fè konnen favè l' pou tout moun ka delivre."* Sa endike tan pase a. Nan Tit 2:13: " *Se konsa li moutre nou pou nou viv pandan n'ap tann benediksyon li te pwomèt nou yo."* Sa se tan prezan an. E vèsè 13 la kontinye pou di: "… *lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou*

© Trans World Radio

ak Delivrans nou, va parèt." Sa se tan fiti a, tan ki gen pou rive pi devan an. Se sou lespwa sa a Pòl ap pale, e l' di nou bezwen repoze sou li.

Pou kontinye avèk konsiderasyon nou yo nan Tit 1:2 Pòl di tou: " *Bondye pa janm manti."* Se Bondye ki pa janm e ki pa ka manti a ki te fè nou pwomès sa a. Pòl konfime nan Women 3:4: "*O non, lekontrè. Menm si tout moun ap bay manti, Bondye gen pou fè sa ki pou fèt la rive vre…*"

Pafwa nou menm kretyen fason n'ap viv yo prèske vle fè Bondye pase pou mantò. Nou di nou kwè, tandiske se pa vre, e nou aji tankou moun ki pa kwè. Men Pòl deklare e konfime Bondye pa janm manti.

Dr. McGee di m' te toujou anvi preche yon mesaj sou bagay Bondye pa ka fè. Enben sa se yonn nan yo: Bondye pa ka manti. Eske w' reyalize ou gen posiblite wè chak jou yon bagay Bondye pa janm wè? Kisa? Enben chak jou ou rakontre yon lòt moun ki egal ak ou, e pafwa menm sipriyè nan kèk nivo si nou ka di sa konsa. Men sa pa janm rive Bondye? Bondye poko janm rankontre yon lòt èt ki konparab ou egal ak Li. Kòman fè Bondye pa ka bay manti tandiske nou kapab? Enben finalman resi gen yon bagay nou ka fè Bondye pa ka fè. Reyalite a sèke Bondye oblije rete vrè a nati Li. Pa nati, Bondye sen e Li jis, donk gen sèten bagay Bondye tou senpleman pa ka fè. Sa pa paske bagay sa yo enposib pou L' ta fè non, Li tou pisan Li ka fè tout bagay; men akoz moun Li ye gen bagay Li pap janm fè. Bagay sa yo pa mache ak karaktè L', yo pa sanble ak Moun Li ye. Bondye dwat, Li jis, Li pa bay manti oswa twonpe moun. Li se Moun sa a ou ka konte de je fèmen sou Li a.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Pòl fini vèsè 2 a pou di: "… *li te pwòmèt lavi sa a depi lontan anvan li te kreye tout bagay."* Ki vle di pwomès sa a te la depi anvan tan te egziste, depi pandan tout letènite.

Tit 1:3 *Lè lè li te fikse a rive, li fè nou konnen lavi sa a ak pawòl li, nan mesaj li te renmèt mwen pou m' fè konnen, dapre lòd Bondye, Sovè nou an, te ban mwen.*

" *Lè lè li te fikse a rive…"* Sa vle di, nan lè Li menm Bondye Li te fikse e deside a. Bondye toujou aji nan lòd ak disiplin nan sa L'ap fè. Bondye pa egzanp te mete plant yo pou boujonnen nan sezon prentan, ou pap janm wè yo kòmanse leve an ivè, yo gen pou tann lè lè yo rive.

" *Lè lè li te fikse a rive, li fè nou konnen lavi sa a ak pawòl li…"* Ekspresyon "*fè nou konnen*" an isit la se mo Grèk *kerux* ki vle di *anonse* oubyen *twonpèt*. Nan jou sa yo yo te konn sèvi avèk twonpèt pou anonse yon pwoklamasyon ofisyèl. Si chèf peyi a te gen yon anons pou l' fè, li ta fè kònen yon twonpèt e answit prezante deklarasyon l' lan. Se menm lide sa a Pòl ap kominike isit la. Pòl ap di nan lè ki te rezève pou sa a nan lè egzakt la Bondye manifeste Pawòl Li atravè yon pwoklamasyon. Answit li ajoute yo *te renmèt mwen pou m' fè konnen* Pawòl sa a: " *… dapre lòd Bondye, Sovè nou an, te ban mwen."*

Tit 1:4 *M'ap ekri ou lèt sa a, Tit, pitit lejitim mwen nan konfyans nou gen ansanm lan. Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Sovè nou an, pou yo ba ou benediksyon ak kè poze.*

" *M'ap ekri ou lèt sa a, Tit, pitit lejitim mwen…"* Ou ta ka di tou, pitit otantik mwen. Se Pòl ki te mennen Tit vin jwenn Kris. Donk Tit se te pitit espirityèl li.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

" Nan konfyans nou gen ansanm lan." Konfyans nou genyen ansanm nan se konfyans tout kretyen dwe genyen an. Se yon lafwa vivan nan Senyè Jezi.

" Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Sovè nou an, pou yo ba ou benediksyon ak kè poze." Gras Bondye a te vini, kifè Bondye jodia ofri nou mizerikòd Li. M' pa konn pou ou, men mwen menm m' itilize bon kou nan mizerikòd Bondye. M' trè rekonesan ke Bondye bon anvè mwen e ke L' pa aji anvè mwen dapre mechanste ak dezobeyisans mwen yo. Bondye tou senpleman toujou trè bon pou mwen. Gras, mizerikòd ak kè poze - se vre kretyen an jodia gen kè poze men gen yon kè poze ki va vin pi devan avèk prens Lapè a tou. E tout bagay sa yo soti nan " *Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Sovè nou an."*

YON LEGLIZ BYEN OGANIZE DWE GEN LIDE ODONE KI RANPLI TOUT PRESKRIPSYON NESESE YO

Petèt ou ka remake tit sa a ase long, men l' soti nan yon seksyon trè enpòtan nan Bib la.

Tit 1:5 *Mwen te kite ou nan lil Krèt pou ou te kapab òganize tou sa ki pa t' ankò fin regle. Ou te gen pou ou te mete yon gwoup ansyen alatèt legliz la nan chak vil. Chonje sa m' te di ou:*

Pòl te kite Tit nan zile Krèt la pou l' te ka òganize legliz lokal la e nome ansyen yo ki dwe sèvi kòm lidè espirityèl legliz la. Zile Krèt la se yonn nan pi gwo zile nan lanmè Mediterane a. Krèt, tankou sa te vre pou tout zile Grèk yo, te asosye avèk anpil mitoloji ak tradisyon. Dapre tradisyon yo, se Minos ki te premye bay moun Krèt yo yon lwa. Li te venk pirat lanmè Eje yo ki te okipe zile a lè sa a e etablli yon fòs naval. Apre Gè Trojan an, grann vil yo sou

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

zile a te fòme plizyè ti repiblik pi fò nan yo endepandan. Women yo te anekse zile Krèt la nan lanne 67 apre Jezikri. Te gen twa gran vil ki se: Knossos, Cydonia, ak Gortyna e sanble te deja gen legliz ki etabli nan vil sa yo, lè sa a. Sanble Pòl te fè yon travay misyonè kolosal sou zile Krèt la, men Bib la pa rapòte nou anyen sou sa. Anfèt pa gen okenn prèv konkrè ki demontre Pòl te gen tan vizite Krèt avan l' t'ale Wòm. Men dapre enfòmasyon yo nou jwenn nan lèt Tit la, nou vle kwè Pòl te pase yon tan sou zile Krèt la e l' te kite Tit pou òganize legliz lokal yo, legliz ke l' te fonde avèk Tit la.

Krèt, evidamman, pa t' yon bon zonn, e moun yo pa t' bon moun non plis. Pòl pou tèt pa l' konfime ou pa t' ka fye moun sa yo, e se renome sa yo te genyen nan tan sa a. Te menm gen yon mo Grèk ki se: *kretizein*, ki vle di pale tankou moun Krèt yo ki tou sempleman vle di: mantò, moun k'ap bay manti. Gen yon poèt, moun zile Krèt menm, ki ekri: " Krèt, yon zile plizyè santèn vil, pa ka nye sa, li fò nan bay manti."

Byenke yo te gen renome moun k'ap bay manti, e se pa sèlman sa Pòl te gen lòt repwòch pou fè yo ankò, gen anpil nan yo ki te vin konvèti e Pòl ap ekri Tit pou mande l' òganize legliz lokal yo.

" *Mwen te kite ou nan lil Krèt pou ou te kapab òganize tou sa ki pa t' ankò fin regle. Ou te gen pou ou te mete yon gwoup ansyen alatèt legliz la nan chak vil."* Don ansyen an se yon don lòm bay legliz la. Mete men sou tèt kèk frè nan legliz la pa vle di yo gen don ansyen an pou sa. M' kwè legliz Krèt yo te deja gen ansyen, men yo potko janm òdone ou konsakre yo. Yo te frè ki gen don sipèvize nan legliz yo e yo t'ap egzèse don sa a men yo pa t' gen otorite fè sa. Donk Tit gen pou l' òdone ansyen yo, nome yo e konsakre yo nan chak vil.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Gen tradiksyon ki presize: Ou dwe òdone yo "Menmjan mwen te òdone w' la." Donk menmjan Pòl te fè sa pou Tit la, Tit te bezwen fè l' pou ansyen yo nan legliz yo tou.

Yon moun k'ap ranpli fonksyon ansyen nan legliz la dwe gen don ansyen an. Gen sèten moun yo mete lidè nan legliz la ki pa taye pou sa, ki pa gen don sa a ditou. Sa se mwatye nan pwoblèm n'ap rankontre nan anpil legliz sèjousi, e lòt mwatye a sèke yo pa mete moun ki gen don dirije yo nan pozisyon pou fè sa. Kòm rezilta, gen kèk nan legliz lokal nou yo ki tonbe anba move men, e fè fas a tout kalite pwoblèm.

Kounyea Pòl ap bay kritè moun ki dwe vin lidè legliz la dwe ranpli yo.

Tit 1:6 *Yon ansyen, se yon moun ki pou san repwòch, ki gen yon sèl madanm. Se pou pitit li yo gen konfyans nan Bondye. Tout moun fèt pou konnen yo pou timoun ki pa nan dezòd, ki pa dezobeyisan.*

" *Yon ansyen, se yon moun ki pou san repwòch."* Sa pa vle fòk li yon moun pafè, san okenn peche. Men l' vle di, fòk yo pa jwenn anyen ki vre nan akizasyon yo y'ap fè kont moun sa a. Lavi l' dwe san repwòch.

Lè yon moun ka lonje dwèt sou yon lidè legliz e akize l' avèk rezon kòm yon moun malonèt, enben sa afekte kòz Kris la. Yon lidè ka osi talantye ke l' kapab, si yon moun ka di pawòl k'ap sot nan bouch li pa reflete yon dedikasyon pou Kris, enben sa afekte kòz Kris la, e moun sa a pa ta dwe sèvi kòm ofisye legliz.

"… Ki gen yon sèl madanm. Se pou pitit li yo gen konfyans nan Bondye." Si yon frè pa ka mennen pwòp pitit li vin jwenn Kris, li pa dwe sèvi kòm ofisye nan legliz la. Pa mal entèprete sa m'ap di

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

la non. Antre nou m' konsyan jodia nan anpil bon fanmi kretyen ase souvan ou jwenn yon jenn fi ou yon jenn gason ki pa deside swiv Senyè a e ki pa bay okenn prèv yo te grandi nan yon fanmi ketyen. Yon frè ka yon bon kretyen ki fè tout jefò pou mentni yon fanmi kretyen e ki pa responsab nan anyen yon pitit li ta pa deside swiv Senyè a, men ala fen li pa ta dwe ranpli fonksyon yon ofisye nan legliz la. Kòm ofisye, petèt yo ka bezwen envite l' bay opinyon sou yon moun; e moun sa a lè sa a ka lonje dwèt sou lki pou di: "W'ap vin pale konsa men e ou? E pitit ou a ki gaye nan monn nan? Ki dwa w' genyen pale ak mwen konsa? Kifè, pou latèt Kris la, pou latèt pozisyon l'ap ranpli a, pitit ofisye legliz la dwe se moun *ki gen konfyans nan Bondye*.

"Tout moun fèt pou konnen yo pou timoun ki pa nan dezòd, ki pa dezobeyisan." Pa nan dezòd isit la plis gen sans kreye latwoublay! Piti lidè legliz pa ka nan kraze brize ou nan fè manifestasyon vyolan nan lari, okontrè yo dwe mennen yon lavi ki glorifye Senyè a, yon lavi k'ap pwopaje Bon nouvèl delivrans nou jwenn nan Kris la.

Tit 1:7 *Paske, yon moun k'ap dirije legliz la, se li ki reskonsab travay Bondye a. Se pou li san repwòch. Se pa pou li awogan, ni renmen fè kòlè, ni renmen bwè gwòg. Li pa fèt pou l' brital, ni renmen fè lajan nan move kondisyon.*

Sa tèlman pratik! Yon moun k'ap dirije legliz la *pa dwe awogan* paske li se yon jeran Bondye e yon reprezantan moun l'ap desèvi yo. Rezon kifè l' la nan legliz la se pou fè volonte Bondye.

Li pa dwe " *Renmen fè kòlè."* Li pa dwe yon moun siseptib.

" Ni renmen bwè gwòg. Li pa fèt pou l' brital." M' kwè sa klè kon dlo kokoye.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

" Ni renmen fè lajan nan move kondisyon." Kwè nou tande! Lidè legliz la pa dwe *renmen fè lajan nan move kondisyon.* Ni li pa dwe anvi ou konvwate afè moun.

Se karakteristik sa yo "*ansyen*" an dwe genyen. N'ap fè w' remake mo "ansyen" se menm mo "evèk" la. *Ansyen* avèk *evèk* se sinonim, ou ka chanje yo itilize yonn pou lòt san pwoblèm. Mo ansyen an ki soti nan Grèk *presbuteros* ap pale sou moun nan. Ansyen an dwe yon moun mati e fizikman e espirityèlman. Yon evèk, ki soti nan Grèk *episkopos*, se yon sipèvizè, se moun ki responsab pou dirije legliz la. Konsa nou ka di mo evèk la li menm ap fè referans sou pozisyon ansyen an okipe a. Men remake legliz primitiv la pa t' janm konn nomen yon sèl moun kòm evèk sou yon gwoup moun, te toujou gen plizyè evèk, plizyè ansyen ki responsab nan yon legliz lokal.

Toujou gen dezakò sou pwen sa a pou konnen eske te deja gen ansyen nan legliz Krèt yo e ke Tit te sèlman bezwen òdone yo, oswa potko te gen ansyen ditou e Tit ta bezwen chwazi e òdone kèk. Si dezyèm opinyon an te vre, e m' pa kwè l' vre, m' gen enpresyon legliz la ta bezwen valide moun yo Tit ta va chwazi yo. Men se pa sa k' pi enpòtan, e m' pa kwè se sa k' ta dwe pi enpòtan pou nou menm jodia non plis. Sa Pòl ap souliye isit la se kondisyon yo moun nan dwe ranpli avan pou l' ka kalifye okipe fonksyon ansyen nan legliz la.

Epi konsa nou rive nan fen etid nou pou jounen an, se te yon gran plezi pou nou te ansanm. Nan pwochen etid la si Bondye vle, nou va konsidere Tit 1:8-2:1. Si w' gen yon ti tan ou kapab fè lekti sa a lakay ou kòm preparasyon, pou kounyea tankou apot Pòl te di pou Tiimote: "*Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Sovè nou an, pou yo ba ou benediksyon ak kè poze!*"

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com